



Telefòn dirèk sou zafè siklòn
954-831-4000

Paj entènèt sou zafè siklòn
www.broward.org/hurricane

Stasyon radio ofisyèl pou emèjans nan Kominote Broward




Nap fè ou konnen ke dokiman piblik sa te koute \$300.00 o swa \$0.120 pou chak kopi pou avèti ou sou kijan pou prepare ou pou siklòn.



Ki sa pou achte met la nan periòd siklòn nan

Ready. Set. Safe.



Kalite mange pou achte met la

Pliziè kalite pen

bisuit sèk, pen sèk an baton, pen tranche tout griye, pèpèt may, sereal, pen a la, (kenbe yo nan frizè pou lè wap bezwen)

Pliziè kalite vian

Ti bwat touna, poul/koden, vian, soup ak pwa osinon vian, sadin, ti pwa, chili ak vian ou pwa, spageti, janbon/cochon, soup nan bwat, ti sosis nan bwat, manba ak nwa

Pliziè kalite lèt

Lèt nan galon (kenbe-l fre apre ou louvri), lèt an poud (wap bezwen plis dlo), ti bwat poudin (ki ka konsève san li pa ale nan frizè), ji ki gen vitamin

Pliziè kalite legim

Ti bwat legim, tout kalite soup

Pliziè kalite fri

Ti bwat fri, ji pòm, fri sèk (rezen, zannana, zabriko, etc.) ak ji konsantre 100%

Manje pou kenbe grangou

Ti amizman pou pase nan bouch tankou pistach, tablèt, bonbon sikre, sirèt, piwouli, kafe tou pare, sachè te

Pwodi pou bebe ak ti moun

Pa bliye mete kont manje, lèt pou mete nan dlo, ji, kouchèt, twal mouye an papye. Si ou gen lentansyon ale nan yon kay Lakwa Rouj pou pare siklòn nan, pote tout zafè tibebe ansanm avek chèz pou pouse li, ti bèso ou kapab pote osinon pak ou konn mete li jwe.

Pwodi pou granmoun

Pou granmoun yo, nou dwe pote dlo ak manje ki bon pou yo si yo fè tansyon, diabèt osinon kolesterol tankou ji ki pa gen sik, manje nan bwat ki san sel, ki san grès. Pa bliye pote medikaman ke yo dwe pran chak jou pou on valè 2 semèn.

Atansyon: Anvan nou achte manje ki pou fèt rapid yo, gade byen si nou gen ase dlo ak ki kote wap kapab kwit manje-a. Ti recho yon plas oswa de plas osinon kontrol ki gen ti recho anba-li kapab sèvi. Nou kapab achte chabon ki tou pare pou sèvi sou griy babeki. Pa janm sèvi avek recho, chodiè, griy babeki ni andedan kay la, ni nan garaj la. Toujou kwit manje nan lakou.

Ki Jan Pou Itilize Gid Sa-a Pou Ka Achte

Pandan sezon siklòn nan ap vini an (1e jen — 30 novam), nou rekòmande tout moun pou planifie ak fanmi-ou epi pou kòmanse mete sou kote sa ke wap ka bezwen pandan e apre move tan-an. Etap pweparasyon sa yo se yon moyen kle pou ka konbat siklòn, ou ninpòt ki lòt dezaz ak tampèt.

Gid pou yut-semèn sou ki sa pou achte met la sa-a pale sou ekzakteman ki pipiti bagay ke wap ka bezwen pou ka reziste pandan 3-5 jou pou ou ak fanmi ou apre on move tanpèt ki ka kite ou san kouran elektrik ak san dlo pou bwè. Lè wal fè makèt achte 2-3 bagy anplis ke wap ka bezwen pou sere met la pou lèt gen siklòn, se moyen ki pi fasil pou rasamble sa wap bezwen yo san ke li pa fè on trò gro trou nan poch ou.

Nan gid sa-a gen tout enfòmasyon sou ki sa pou perpare met la pou ti moun ak vie granmoun epi pou bèt. Gen on "Ki Jan" gid, pou ka planifie ak fanmi-ou e achte met la pwodi pou premye sèwn.

Pou ka bien compran-n tout sa pou fè pou ka prepare periòd siklòn nan, ali sou entènèt la nan www.broward.org/hurricane. Pou periòd Siklòn sa, an nou tout **Prepare – Vijilan – Veye Danje**.

10 Fason Pou Ka Realize on Bon Plan Pou Periòd Siklòn-nan

- Fè on reunion ak tout moun kinan fanmi-ou pou diskite sou zafè danje ki genyen lè gen siklòn.
- Chache konnen si wi ou non nan zòn ou rete-a, si se on zòn ke yo ka mande ou pou kite, si se sa, ki kote ou prale si yo ta mande ou pou kite zòn nan.
- Fè yon lis de tout sa ke ou posede nan kay la, epi cheke ki sa kampay asirans ou di pou on sitiyasyon konsa.
- Fè on estimasyon pou chak kote nan kay-la ki taka gen domaj tankou: do kay-la, fenèt yo, pòt garaj-la, pie bwa ak flè yo, ak lot bagay.
- Deside ki kote wap ka sere otomobil ou, bato ou, oswa lot bagay ki gen ampil valè ke ou posede.
- Deside ki jan ke ou pwal fè pou pwoteje kay ou ak sa ke ou posede e kija wap òganize kote ou fè lè siklòn nan.
- Pou moun lakay ou ki granmoun anpil osinon kap bezwen moun pou ede yo, deside davans kijan wap fè avèk yo.
- Konnen byen kijan ou pral fè avek bèt ou genyen tankou chen, chat. Pa bliye gro bèt yo tou tankou chwal ak bèf.
- Gade byen ki kantite dlo, manje, medikaman fanmi ou ap bezwen pou prepare pakèt ou pou siklòn nan.
- Pale lòt moun de sa ou pare pou fè lè siklòn nan, tankou fanmi ou, zanmi ou, vwazinaj. Kalkile ki lòt kote ou gen moun ou ka al jwen si wap gen pou kite zòn wap viv la.

Pwodi pou premie swen

Men ki sa ou dwe genyen pou premie swen:

- Pansman adezif tout grosè
- Twal gaz pwop 2 pous (4-6)
- Twal gaz pwop 4 pous (4-6)
- Bandaj adezif ki pap fè alèji ak po-ou
- Twal gaz pou bandaj (3)
- Roulo bandaj 2 pous (3 roulo)
- Roulo bandaj 3 pous (3 roulo)
- Sizo
- Pins medikal
- Zeguy
- Pakè sèvyèt mouye ak tout savon
- Likid pou tiye micròb
- Tèmomèt pou kontrole lafièv
- Ti tib pomad vazlin
- Zepeng tout grosè
- Savon likid ak dezenfektan
- Gan an plastik (2 pè)
- Krèm pou pwoteje po-ou kont solèy

Preparasyon pou bèt-ou

- On kaj ki ase gro pou bèt la ka kampe e menm ka jwe
- Manje pou 2 semèn
- Dlo
- Bwat pou chat ka fè bezwen li
- Jwèt ak kouvèti pou kouvri bèt la
- Ti maje pou kenbe bèt la kontan
- Kenbe foto bèt la avek ou (pou ka montre ke ou se mèl bèt la)
- Sètifika vaksen pou raj ak lisans bèt la
- Pwodi pou kenbe bèt la pwòp (papie journal, sachè plastik tout zip, sèvièt an papie, desenfektan)



Premie Semènn

Episri:

- On galon dlo pou chak moun
- On gwo bocal manba
- On pakè vian
- On mamit soup tou pare pou manje
- On bwat alimèt nan yon bwat pouli pa mouye
- On pakè legim
- On pakè asièt an katon

Lòt machandiz:

- On flach ak batri
- Pwela an plastik pou kouvri tèt kay ou
- Zouti ak kanif

Dezyèm Semènn

Episri:

- On pakè legim
- On pakè fwi
- Manje nan bwat tout pare
- On boutèy dezenfektan ki gen klorin
- On boutèy ak kon gout
- On pakè goblè an katon
- On pakè vian

Lòt machandiz:

- On sachèt chabon, gaz pwopane pou recho
- Zouti a men
- Linèt an plastik pou pwoteje je-ou

Twazyèm Semènn

Episri:

- On galon dlo pou chak moun
- On bokal jele osinon on sachèt janbom
- On pakè vian
- On mamit soup tou pare pou manje
- On pakè fwi
- On zouti pou ouvri bwat fèblan a la men
- One pakè papie pou ka siye men (napkins)

Lòt machandiz:

- On ti radio am/fm ki mache ak pil osinon ak manivèl
- Rach oubyen mato
- Roulo tep an plastik

Katryèm Semènn

Episri:

- On sachèt pen
- On roulo sevièt an papie
- On pakè legim
- On roulo plastik pou vlope
- On pakè vian
- Pwodi ki gen lèt
- On boutèy pou dezenfekte men

Lòt machandiz:

- On flach ak batri
- Gan an plastik pou gro travay
- Bwat pou kafè on premie pansman

Senkyèm Semènn

Episri:

- On pakè vian
- On mamit soup tou pare pou manje
- On pakè fwi
- On gro bwat sachè an plastik ak tout zip
- On pakè legim
- On sachèt pen

Lòt machandiz:

- Batri an rezèv pou radio
- Bwat pou kafè on premie pansman
- Ekstengè pou touye dife

Sizyèm Semènn

Episri:

- On galon dlo pou chak moun
- On sachèt pen
- On bwat papie dezenfektan
- On roulo bwat papie an aliminiòm
- On pakè roulo papie ijènik
- On pakè vian

Lòt machandiz:

- Bwat ak plizyè clou
- On flach ak batri
- Telefòn ki mache san kouran (ki pa san còd)

Setyèm Semènn

Episri:

- On pakè vian
- On mamit soup tou pare pou manje
- On bwat sereal
- Pwodi ki gen lèt
- Pwodi tankou pat ak savon
- On pakè legim

Lòt machandiz:

- Batri an rezèv pou flach
- Mato
- Bwat pou kafè on premie pansman

Yutyèm Semènn

Episri:

- On galon dlo pou chak moun
- On pakè legim
- On pakè vian
- On bwat sachè plastic bien solid pou fatra
- On pakè fouchèt, kiyè ak kouto an plastik
- On roulo sevièt an papie

Lòt machandiz:

- Flach ak batri
- On bwat an plastik ki bien fèmèn pou pwotege papie empòtan, medikaman ak pwodi pou premie swen.

